

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta méthode deskriptif nya éta panalungtikan anu ngagambarkeun hiji hal luyu jeung kaayaan anu sabenerna. Méthode deskriptif mangrupa salasahiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah; ngumpulkeun data, ngelasifikasikeun, nganalisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan. Panalungtikan deskriptif mibanda tujuan pikeun ngajéntrékeun fenoména nu aya kalawan ngagunakeun angka-angka pikeun ngagambarkeun karakteristik individu atawa kelompok.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Nurutkeun Suyatna (2002: 10) populasi atawa “universe” nya éta sakabéh *unit* atawa *individu* anu ditalungtik sipat atawa karakteristikna. Dina ungkara séjén Arikunto (2010:173) méré katerangan yén populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan.

Anu jadi populasi dina panalungtikan ieu nya éta sakabéh siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 tahun pangajaran 2010/2011. Jumlah siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 aya 90 urang anu kabagi jadi tilu kelas, nya éta sakelas jurusan IPA jeung dua kelas jurusan IPS. Wincikanana saperti dina tabél 3.1.

Tabél 3.1.
Jumlah siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung
Taun ajar 2010/2011

Kelas	Jumlah Siswa
XII IPA	28 urang
XII IPS 1	32 urang
XII IPS 2	30 urang

3.2.2 Sampel

Tehnik sampling anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tehnik purposive. Ieu téhnik dilaksanakeun dumasar ayana tujuan pikeun meunangkeun data anu representative jeung bisa ngawakilan populasi (Arikunto, 2010: 183).

Anu jadi sampel dina panalungtikan ieu nya éta satengahna ti jumlah siswa anu aya di jurusan IPA (14 sampel karangan eséy) jeung satengahna ti jumlah siswa anu aya di jurusan IPS (31 sampel karangan) SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung. Kriteria anu digunakeun pikeun meunangkeun sampel karangan nya éta karangan siswa anu nyumponan ciri-ciri karangan eséy.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan teu salah tapsir kana ieu judul panalungtikan, di handap baris disebutkeun wangenan operasionalna:

- 1) Kasalahan basa dina ieu panalungtikan nya éta kasalahan anu dilakukeun siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung nu dilantarankeun ku kabiasaan makéna basa (*language habit*) anu salah nu matak jadi sabab

kasalahan makéna basa (*language error*), ieu kasalahan basa diwatésanan kana kasalahan morfologisna.

- 2) Kasalahan morfologis dina ieu panalungtikan nya éta kasalahan anu dilakukeun siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung dina maké atawa milih kecap anu henteu atawa kurang luyu; kasalahan tina prosés ngawangun kekecapan tina satuan lianna nu mangrupa wangun asalna.
- 3) Karangan éséy dina ieu panalungtikan nya éta karya tulis prosa anu ngungkab hiji masalah sacara saliwat tur nyoko tina sudut pandang pribadi pangarangna; pangajaran anu dipancénkeun ka siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung.

3.4 Teknik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasahiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dipigawé kalawan nggunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan/ sasaran anu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

3.4.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés, jeung studi dokumentasi.

Arikunto (2010:193) nétélakeun, tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat liana nu digunakeun pikeun ngukur katerampilan, pangaweruh inteligensi, kamampuh atawa bakat anu dipibanda individu atawa kelompok. Tés digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh kaédah-kaédah

morfologis siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung dina ngarang basa Sunda. Anapon léngkah-léngkahna saperti di handap ieu:

- a. Nangtukeun wangun jeung jejer karangan.
- b. Méré pancén ngarang ka kelas XII dina waktu pangajaran basa Sunda.
- c. Ngumpulkeun hasil karangan.

Dokuméntasi asalna tina kecap dokumén nu hartina barang-barang tinulis. Studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung bahan ku cara maca jeung nala'ah data dina karangan éséy siswa.

3.4.2 Teknik Ngolah Data

Teknik ngolah data dina ieu panalungtikan nya analisis *kesalahan berbahasa*. Hal ieu luyu jeung pamadegan Ellis dina Tarigan & Tarigan (1995:67-68) saurang pakar pangajaran basa ngungkarakeun yén analisis kasalahan basa mibanda léngkah-léngkah anu ngawengku:

- 1) ngumpulkeun sampel,
- 2) ngaidentifikasi kasalahan,
- 3) ngajéntrékeun kasalahan,
- 4) ngelasifikasikeun kasalahan,
- 5) ngaévaluasi kasalahan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun KUBS (1995:179) instrumén nya éta pakakas, alat. Jadi anu dimaksud instrumén dina ieu panalungtikan nya éta pakakas atawa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data.

3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data anu digunakeun nya éta mere pancén nyieun karangan éséy ka siswa dina pangajaran basa Sunda. Pituduh gawéna aya dina katerangan saperti kieu:

Pancén nulis éséy

Jieun karangan éséy kalawan katangtuan:

1. Jéjér/topik karangan bébas .
2. Panjangna minimal opat paragraf maksimal genep paragraf
3. Pigawé kalawan maké aturan katatabasaan
4. Ulah poho tuliskeun ngaran jeung kelas!

3.5.2 Instrumén Ngolah Data

Anapon instrumen panalungtikan anu digunakeun nya éta kartu data. Kasalahan morfologi dina karangan éséy siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung téh dikanyahokeun ku cara nengetan kekecapan anu henteu atawa kurang luyu jeung kaédah prosés léksemikna. Data nu kapanggih dipindahkeun kana kartu data. Anapon format kartu datana saperti nu aya di kaca 49.

Kode :

<p>kalimah :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>kecap nu teu luyu jeung prosés léksemikna :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>Kuduna :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>Warna Kasalahan :</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

Data kasalahan nu geus diasupkeun kana kartu data tuluy dibéré kode. Kode dimaksudkeun pikeun nuduhkeun lambar karangan siswa, pada, jeung padalisan. Contona kode 'E5/Pd1/3' nuduhkeun karangan éséy siswa nu aya dina lambar ka lima, pada ka hiji jeung aya dina padalisan ka tilu.



